| ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҚАРАӨЗЕК РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ | | ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ҚОРАЎЗАК ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ |
|---|---|---|
| **Қараөзек районы** | **№ 737/9** | **« 27 » сентябрь 2018-жыл.** |

**2019-жылда социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасының “Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында”ғы Нызамның 17-статьясы (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2006-й., 25-26-сон, 225-модда; 2009-й., 52-сон, 553-модда; 2013-й., 41-сон, 543-модда; 2014-й., 4-сон, 45-модда), “Майыпларды социаллық қорғаў ҳаққында”ғы Нызамның 25-статьясы,(Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008-й., 29-30-сон, 277-модда; 2010-й., 35-36-сон, 300-модда; 2013-й., 18-сон, 233-модда; 41-сон 543-модда) Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 5-декабрьдеги “Социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳәм захираға қойиў тәртибин еледе жетилистириў ис-илажлары ҳаққындағы”ғы 965-санлы қарарына тийкар социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын районда 2019-жыл ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў мақсетинде,

**ШЕШИМ ЕТЕМЕН:**

1. 2019-жылда социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын райондағы кәрханалар, шөлкемлер ҳәм мәкемелер ушын жумысшылардың дизим бойынша орташа санынан 1001 адамды қурайтуғын 7,0 пайыз муғдарында, сол есаптан:

а) нәгиранлар ушын - 3 адам;

б) 14 жасқа толмаған балалары ҳәм нәгиран балалары бар жалғыз ҳәмде көп балалы ата-аналар ушын – 21 адам;

в) билимлендириў мәкемелерин тамамлап атырған жаслар ушын – 35 адам;

г) мүддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын - 4 адам;

д) районлық Бәнтликке көмеклесиў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын - 2 адам;

е) жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына тийкар медициналық характердеги мәжбүрий шаралар көрилген шахслар ушын - 4 адам;

ж) адам саўдасынан жәбирленгенлер ушын 1 адам муғдарында жумыс орынлары резерви белгиленсин.

2. Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2019-жыл ушын бәнт етип коймыў лазым болған кәрханалар дизими 1-қосымшаға, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2019-жыл ушын бәнт етип қойыў бойынша дүзилген арнаўлы комиссия қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Мекеме, кәрханалар басшылары Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарары менен тастыйықланған социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳәм захираға қойиў тәртиби ҳаққындағы Режеге муўапық усы шешимниң 1-қосымшасында көрсетилген жумыс орынларының шөлкемлестирилиўин тәмийинлесин.

4. Мүтәжлер ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў бойынша район ҳәкиминиң усы шешими орынланбағанда, сондай-ақ, оларды жумысқа қабыл қылыўдан тийкарсиз рәўиште бас тартылғанлығы ушын мекемелердиң лаўазымлы шахсларына нызам ҳүжжетларинде белгиленген тәртипте ҳәкимшилик жуўапкершилик белгиленеди.

5. Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы (Г.Тажимуратова) усы шешимди тийисли кәрхана ҳәм шөлкем басшыларына жеткерсин ҳәмде оның орынланыўы үстинен қатаң қадағалаўды тәмийинлесин.

6. Қараөзек районы ҳәкиминиң 2017-жыл 9-ноябрьдеги «2018-жыл социаллық жақтан қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған пуқараларды жумысқа орналастырыў ушын (квота) жумыс орынларын бәнт қылып қойыў ҳаққында»ғы 836/11-санлы шешими («Мийнет байрағы» газетасы, 2017-жыл 24-ноябрь 22-(4196)-саны) 2018-жыл 31-декабрьден өз күшин жойытқан деп есаплансын.

7. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары Б.Илясовқа жүкленсин.

8. Район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтында ҳәм “Мийнет байрағы” газетасында рәсмий жәриялаў район ҳәкилигиниң юрист-мәсләҳәтшиси И.Даулетмуратовқа тапсырылсын.

9. Шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

**Ҳәким:** **Д.Утемуратов**

Қараөзек районы ҳәкиминиң
2018-жыл “27”-сентябрь күнги
737/9- санлы шешимине
1-қосымша

**Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2019-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими**

| № | Район аймағындағы кәрханалар аты | Улыўма ислеўшилер саны | Квота бойынша 7% | Категориялары* | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | А | Б | В | Г | Д | Е | Ж |
| 1 | Районлық мәмлекетлик санитария-эпидемиологиялық бақлаў орайы | 44 | 3 | | 1 | 2 | | | | |
| 2 | Жол хожалық кесип алыў, ислеў, оңлаў пайдаланыў карханасы (ДРСУ) | 54 | 4 | | | 2 | | | 1 | 1 |
| 3 | Районлық ветеренария бөлими | 20 | 1 | | | 1 | | | | |
| 4 | Районлық маденият ислери бөлими | 30 | 2 | | 1 | 1 | | | | |
| 5 | Районлық тоғай хожалығы | 50 | 4 | | 2 | 1 | | | 1 | |
| 6 | Баркамал аўлад балалар орайы | 24 | 2 | | 1 | 1 | | | | |
| 7 | Қараөзек МТП | 45 | 3 | | | 2 | | | 1 | |
| 8 | Районлық ирригация болими | 32 | 2 | 1 | | 1 | | | | |
| 9 | Районлық абаданластырыў басқармасы | 63 | 4 | | 1 | 2 | | | 1 | |
| 10 | Районлық медецина бирлеспеси | 245 | 17 | 1 | 4 | 11 | 1 | | | |
| 11 | Районлық халқ билимлендириў бөлими | 26 | 2 | 1 | | 1 | | | | |
| 12 | Районлық Агро банк филиалы | 24 | 2 | | | 1 | 1 | | | |
| 13 | Районлық Халқ банк филиалы | 25 | 2 | | | 1 | 1 | | | |
| 14 | Районлық балалар өспирим спорт мектеби | 21 | 1 | | | | 1 | | | |
| 15 | 16-санлы балалар музика ҳәм көркем өнер мектеби | 41 | 3 | | 1 | 2 | | | | |
| 16 | 1-санлы мектеп | 38 | 3 | | 2 | 1 | | | | |
| 17 | 16-санлы мектеп | 36 | 3 | | 1 | 1 | | 1 | | |
| 18 | 23-санлы мектеп | 43 | 3 | | 1 | 1 | | 1 | | |
| 19 | 25-санлы мектеп | 42 | 3 | | 2 | 1 | | | | |
| 20 | 28-санлы мектеп | 48 | 3 | | 2 | 1 | | | | |
| 21 | 31-санлы мектеп | 50 | 3 | | 2 | 1 | | | | |
| | **Жәми** | **1001** | **70** | **3** | **21** | **35** | **4** | **2** | **4** | **1** |

**Түсиндириў:**

**А** – Майыплар ушын;

**Б** - 14-жасқа толмаған балалары, майып балалары бар жеке баслы ата-ана және көп балалы ата-аналар;

**В** - Билимлендириў мәкемелерин тамамлап атырған жаслар ушын;

**Г** - Мүддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын;

**Д** - Районлық бәнтликке көмеклесиў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын;

**Е** - Жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд карарына көре медициналық характердеги мәжбүрий иләжлар көрилген шахслар ушын;

**Ж** - Адам саўдасынан жәбирленгенлер;

Қараөзек районы ҳәкиминиң
2018-жыл “27”-сентябрь күнги
737/9- санлы шешимине
2-қосымша

**Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыска орналастырыў ушын жумыс орынларын 2019-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳәм оларды жумыс пенен тәмийинлеўди шөлкемлестириў бойынша арнаўлы комиссия курамы**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Б.Ильясов | - | Район ҳәкиминиң биринши орынбасары, комиссия баслығы |
| 2. | Г.Тажимуратова | - | Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайының директоры, комиссия хаткери |
| 3. | Д.Каллибеков | - | Районлық экономика бөлими баслығы, комиссия ағзасы |
| 4. | Ғ.Қудайбергенов | - | «Камолот» Жаслар жәмийетлик ҳәрекети районлық кеңеси баслығы, комиссия ағзасы |
| 5. | М.Гулимбетов | - | «Мәхәлле» қайырқомлық жәмийетлик фонды районлық бөлими баслығы, комиссия ағзасы |

**Еслетпе:** Комиссия ағзаларының лаўазымы өзгерген жағдайда, оның орнына сол лаўазымға тайынланған ямаса ўазыйпасын атқарыў жүклетилген шахслар киритиледи.